Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ ШЫҒАРМАЛАРЫН ӨЗБЕК ТИЛИНЕ АЎДАРЫЎДАҒЫ БАЗЫ БИР МӘСЕЛЕЛЕР

Ҳ. Ҳәбибуллаева – *докторант*
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети

НЕКОТОРЫЕ ВОПРОСЫ ПЕРЕВОДА ПРОИЗВЕДЕНИЙ Т. КАИПБЕРГЕНОВА НА УЗБЕКСКИЙ ЯЗЫК

Х. Хабибуллаева – *докторант*
Каракалпакского государственного университета имени Бердаха

SOME ISSUES IN THE TRANSLATION OF T. KAYIPBERGENOV'S WORKS INTO UZBEK

H. Habibullayeva – *Doctoral student*
Karakalpak State University named after Berdakh

Tayanch so‘zlar: To‘lepbergen Qayipbergenov, ijodiy laboratoriya, badiiy tarjima, matnshunoslik, matn evolutsiyasi, variantlilik, lirik-psixologik qissa, adabiy aloqalar, Abdulla Qahhor.

Резюме. Мақолада халқимизнинг буюк ёзувчиси Т.Қайипбергенов асарларининг ўзбек тилига таржимасининг долзарб масалалари кўриб чиқилган.

Ключевые слова: Тулепберген Каипбергенов, творческая лаборатория, художественный перевод, текстология, эволюция текста, вариантность, лирико-психологическая повесть, литературные связи, Абдулла Каххар.

Резюме. В статье рассматриваются актуальные вопросы перевода произведений великого писателя нашего народа Т. Каипбергенова на узбекский язык.

Keywords: Tulepbergen Kaipbergenov, creative laboratory, literary translation, textual criticism, text evolution, variance, lyric-psychological story, literary relations, Abdulla Qahhor.

Summary. The article examines current issues regarding the translation of the works of the great writer of our people, T. Kaipbergenov, into the Uzbek language.

КИРИСИЎ

Қарақалпақ халқының сүйикли жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергеновтың 1956-жылы «Секретарь» атлы биринши повести жәрияланды. Буннан кейинги жыллары «Муғаллимге рахмет» повести, «Соңғы ҳүжим» романы, «Блокнот сөйлейди» гүрриң ҳәм очерклер топламы, «Қарақалпақ қызы» романы, «Суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер» повестлери, үлкен тарийхый дәўирди өз ишине қамтыған «Қарақалпақ дәстаны» роман-трилогиясы (1968-1971-1977), «Көздиң қарашығы» романы, «Фамилия», «Тәнҳа өзиңе мәлим сыр» дөретпелери, «Таңламалы шығармалары»ның үш томлығы баспада жарық көрди. Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» роман-эссеси тек ғана қарақалпақ прозасында ғана емес, ал ҳәзирги Орайлық Азия халықлары әдебиятларында айрықша әдебий қубылыс болды. Т.Қайыпбергеновтың рус тилинде «Дастан о каракалпаках», «Из юрты в мир. Время, мир, жизнь», «Каракалпакнамэ», өзбек тилинде «Қорақалпоқ достони», «Бобомга хатлар», «Қорақалпоқнома», шығармалары басылып шықты. «Қарақалпақ қызы» романы тийкарында қарақалпақ ҳәм өзбек тиллеринде телерадиопостановкалар, спектакль, «Қайсар қыз» көркем фильми жаратылды. Т.Кайыпбергеновтың 60-жыллар қарақалпақ прозасында өнимли ҳәм табыслы ислегенлигиниң және бир гүўасы — оның усы жылларда жазылған «Суўық тамшы» (1964), «Уйқысыз түн лер» (1965) еки лирико-психологиялық повести болды. Повесть қарақалпақ тилинде китап болып шыққаннан кейин, көп узамай-ак (1969-жылы) А.Қаҳҳар, Г.Якуповлар тәрепинен өзбек тилине аўдарылып басылып шықты. «Бул үлкен жумыс ғой!» деп повесть аўдармасы тийкарында Т.Қайыпбергенов талантына улкен баҳа берген А.Каҳҳар буннан кейин де оның«Уйқысыз түнлер» повестиниң аўдармасын редакторлап, китап к болып басылып шығарыўына жакыннан жәрдем береди. Оның «Суўык тамшы» повести рус (1978, 1990) ҳәм туркмен (1983) тиллеринде де китап болып басылып шыкты. [1.28б]

МЕТОДЛАР

Бул изертлеуде коркем текст эволюциясы хам коркем аударма трансформациясын мониторинг кылыу максетинде томендеги материаллар сегменти ам илимий-методологиялык усыллар комплексинен пайдаланылды.

НАТИЙЖЕ ХАМ АНАЛИЗ

Т.Кайыпбергеновтың "Маманбий әпсанасы," "Бахытсызлар," "Түсиниксизлер" романлары "Қарақалпақ дәстаны" трилогиясын қурайды. Бул романлар 1982-жылы Ғафур Ғулам атындағы «Әдебият ҳәм көркем өнер» баспасында басып шығарылған. Ҳәтте, "Маманбий әпсанасы" 1968-жылы өз алдына басып шығарылғаннан-ақ Ҳамза атындағы мәмлекетлик сыйлық пенен сыйлықланған. (Роман 1968-жылы өзбек тилинде биринши мәрте басып шығарылғаны менен, негизинде буннан бес-алты жыл бурын жазылған; демек, 1960-жыл менен 1998-жыл арасында дерлик қырық жыллық ўақыт аралығы бар екени белгили болады). Жазыўшы сюжет сызығына да, айырым ўақыяларға мүнәсибетине де жаңалықлар киргизип барған. Егер изертлеўшилер романлардың бурынғы баспадан шыккан ҳәм жаңа вариантларын салыстырып үйренсе, Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретиўшилик лабораториясында қызғын жумыс процесиниң үзликсиз даўам еткенин анықлаған болар еди. Ямаса, қолына қәлем алып, әдебиятқа енди кирип киятырған жазыўшылар, бәринен бурын, қалай жазыў керек екенин үйрениў ушын Төлепберген Кайыпбергеновтың дөретиўшилигине мүрәжат етсе, көп нәрсе үйрениўи мүмкин. 1959-жылы (автор 30 жаста еди) Ташкенттеги "Ўзадабийнашр"да Төлепберген Қайыпбергеновтың "Секретарь" повести басып шығарылады. Аўдарыўшылар Ф. Насриддинов, Ш. Шомуҳамедов. Китап 117 бет. Сүўретли. Басланыўы: “1942 йил. Қаҳратон қиш. Илк саҳардан бери бўралаб ёғаётган қор бирдан тинди. Сал ўтмай қуёш чарақлаб кетди. Булутдан чиққан қуёш нури ҳамма ёқни қоплаб олган оппоқ Шаҳардан қайтган уч йўловчи бола жунжиб эшакларини олдиларига солганча яёв ҳайдаб келмоқдалар. Улар ғарч-ғурч қилаётган қирчиллама қорда баъзан депсиниб оладилар. Бошларидаги қулоқчин боғичларини тушириб боғлаб олишган. Рўпарадан эсган шамолни писанд қилмай, ўрга томон илдам чиқиб борадилар. 1979-жылы "Секретарь" повести " Ёш гвардия" баспасында қайта басып шығарылады. Енди аўдармашы Фатҳиддин Насриддиновтың бир өзи. Бурын "повесть" делинген болса, енди "қысса" болып басылады. Яғный, русша термин өзбекше терминге өзгертиледи. "Секретарь" повестиниң 1979-жылғы нусқасы былай басланады:

“1942 йил. Қаҳратон қиш. Туни билан тинмай паға-паға ёғиб чиққан лайлак қор азонга яқин тўхтаб, ҳаво очила бошлади. Теварак-атрофни қоплаб ётган оппоқ қор ҳозиргина булутлар орасидан чиққан қуёш нурларида жилваланиб, кўзларни қамаштирарди. Аммо ҳаво совуқ. Кунботар ёқдан эсаётган изғирин шамол юз-кўзларни ялайди. Почангдан кириб, енг-оёқларингдан чиқмоқчи бўлади. Бадан-баданларингга игна санчиб, қунишиб-қимтинтиради, бўйнингни ичга тортишга мажбур қилади. Эрта саҳар шаҳардан йўлга чиққан уч бола совуқнинг зўридан дам олишга ҳам илож тополмай, эшакларини олдинга солиб ҳайдаганларича дилдираб келишяпти. Гоҳо сал тўхтаб деписиниб олишади. Сиртдан қараганда учаласининг ҳам бўй-басти баб-баравардай, қулоқчинларининг қулоғини тушириб, боғичларини боғлаб олишган. Учови ҳам бошларини қуйи эгиб, эшакларини хи-хилаб бормоқда. Олдинда бораётган бироз ўктамроқ ва савлатлироқ кўринган Отамуроднинг икки бети қалампирдай қип-қизариб кетган, худди телпаги бошидан тушиб кетадигандай у оқ қўлқопли ўнг қўли билан уни босиб-босиб қўяди. Унинг кейинидаги ўрта бўйли, чўпдай ориқ Аметнинг бир қўли қўйнида, иккинчи қўлидаги халачўп билан эшагини нуқиб ер сузган кўйи:

– Отамурод, – дейди…” [2.]

Көрип өткенимиздей, 1959-жылы жәрияланған "повесть" пенен арадан жигирма жыл өткеннен кейин қайта басып шығарылған "қысса" арасында жүдә үлкен айырмашылық бар. "Повесть" үш бөлимнен, "қысса" болса жигирма баптан ибарат еди. "Повест"те Атамураттың жүзи тап "нақш алмадай қызарған" болса, "қысса"да "бурыштай қызарады." "Повесть" пенен "қысса" нусқасындағы өзгерислер унамлы ма, унамсыз ба? Бул бойынша қатаң ҳүким шығарыў мүмкин емес. Себеби өзгерислер айырым мәселелерге жазыўшының мүнәсибети өзгерип, ўақыяларға тәжирийбели баҳа берилгенин көрсетеди. "Квалификациялық баҳа" қандай болатуғынын шығарма нусқаларын салыстырып көрген изертлеўши анық көреди. "Секретарь" повести үстиндеги дөретиўшилик жумысын жазыўшы жигирма жылдан кейин де даўам еттирген. Ал, арадан жигирма жыл өткеннен кейин ол "Қарақалпақ дәстаны" трилогиясы үстинде қызғын ислеп атыр еди. "Секретар" повести менен "Қарақалпақ дәстаны" трилогиясы арасында "Соңғы ҳүжим" (1970) де дөретиледи. Жазыўшының дәслепки романы өзбек оқыўшысына былай таныстырылады: “1930 йиллар. Республикада қишлоқ хўжалигини коллективлаштиришнинг дастлабки даври…

Бир томондан, коммунистлар билан комсомол ёшлар деҳқонларнинг фаол қисмига суяниб қишлоқ меҳнаткашларини колхозларга бирлаштирадилар. Иккинчи томондан, ниқобланиб олган синфий душманлар – Жунайидхон босмачиларининг қолдиқлари – колхозчилик ҳаракатига жон-жаҳдлари билан тўсқинлик қиладилар; соддадил кишиларни йўлдан урадилар, қишлоқ активларини ўлдиришгача бориб етадилар, халқ мулкига ўт қўядилар.” Романда ўақыялар жынаятшыларды излеў менен басланады. Шығармада қызықлы ўақыя ҳәм ҳәдийселер, гүрес картиналары, лирикалық мәўритлер сүўрети, ең әҳмийетлиси - бир қанша адамлардың жанлы образлары бар. Ҳақыйқатында да, роман трагедиялық көринис пенен басланады: “Ўт тушиб томи қулаган ва ҳамон тутун буруқсиётган уй олдида тўпланиб турган қишлоқ аҳолисидан ажралиб, уч сувори йигит олдинга чиқди. Дарменбойдан бошқа иккитасининг ҳарбийча кийимларидан уларнинг ГПУда ишлашлари яққол кўриниб турарди…” Бул роман "Жас гвардия" (Ташкент,1970ж.) баспасында өзбек тилинде баспадан шыгарылады. 248 бет. Бул шығарманы Ҳ.Ниязов пенен Н. Худайбергеновлар қарақалпақ тилинен өзбек тилине аўдарады.

Ҳайдарали Ниязов узақ жыллар даўамында "Шарқ юлдузи" журналында бас редактор орынбасары ўазыйпасында ислеген қәлем ийеси. Норбай Худайбергенов болса Өзбекстанда " қәлеми өткир" сыншылардың бири есапланатуғын еди. 1963-жылы басып шығарылған "Муғәллимге рахмет" повестин Д. Файзирахманов аўдарған. Трилогияны Лола Тожиева өзбек тилине аўдарған. "Қарақалпақнама" роман-эссесин болса Р. Атаев аўдарады. Аўдармашылар арасында автор руўхын дурыс түсинген уллы инсан, өзбек жазыўшысы Абдулла Қаҳҳар болды.

"Суўық тамшы" повести өзбек тилинде былай басланады: “Бу йигит билан мен Нукус ҳаммомида танишиб қолдим. Мен ҳаммомга кирганимда бу йигит чеккароқдаги супанинг бурчагига ўтириб олиб, мускуллари эшилган-буралган билакларига шошиб-пишиб совун суртмоқда эди. Тосга сув тўлдириб олдим-да, унинг ёнидаги бўш жойга бориб ўтирдим. Танишдик. Йигитнинг оти Камол экан. Харчанд қарамай десам ҳам, ҳадеб унга кўзим тушаверди: қад-қомати келишган, вужудидан куч-кувват ёғилиб турган, бир қарашда қадимий Юнон тарихий китобларидаги баҳодир ҳайкалини эслатадиган бунақа йигитни умримда кўрган эмасман… Баданим ловуллаб, ҳузур қилиб ўтирганимда тепадан бир совуқ томчи нақ бошимга “чак” этиб тушди. Сесканиб бошимни кирпидай ичкари тортдим. Камол менинг совуқ томчидан сесканганимни пайкаб:– Ёруғ дунёнинг ҳам баъзан мана шунақа совуқ томчилари бўлар экан, – деди…”.

Абдулла Қаҳҳар отыз жыл алдын басынан өткерген руўхый жағдайды қайтадан басынан кешireди. Төменги аўдармадан да Төлепберген Қайыпбергеновта жазыўшы нәзери бар екенин анық сезеди ҳәм "Өтмиштен ертеклер," "Муҳаббат" сыяқлы өмириниң ақырында жазыў ушын сақлап қойған шығармаларын бир шетке жыйнап "Намыс" повестиниң өзбекше нускасын,анығырағы " Суўық тамшы ” ны жаратады. Төлепберген Қайыпбергенов XX эсирдиң 80-жылларының екинши ярымынан баслап елимизде жазыўшының дөретиўшилигин қарақалпақ әдебиятшы алымлары менен бирге өзбек жазыўшы-шайырлары, илимпазлары Камил Яшин, Әдил Якубов, Абдулла Қаҳҳар, Абдулла Арипов, Пирмат Шермухаммедов, рус изертлеўшилери З.С. Кедрина, М. Пархоменко, Ю. Суровцев, М. Ломунова Т. Давыдова, З.Г. Османова, қарақалпақ алымы, академик Марат Нурмухамедов, Зоя Насруллаева, Қ. Султанов ҳәм басқа да белгили илимпазлар изертледи.

Әдебиятлар

1. Алламбергенов К. «Кең дүньяға қушақ ашқан жазыўшы» - Нөкис,2019.
2. Набижон Боқий. « Қорақалпоқ Қомуси»- kh-davron.uz